



**TANPRI RANPLI SEKSYON SA A MEN PA SOUMET LI AVEK APLIKASYON OU**

**Èske ou kalifye pou DRIE?**

Tanpri reponn kesyon ki anba la yo:

- Èske ou gen 18 tan oswa plis?
- Èske w ap viv nan yon apatman lwaye estabilize, lwaye kontwole, Mitchell-Lama, dividann limite, redevlopman, koperativ konpayi finansman devlopman lojman (Housing Development Fund Company, HDFC), koperatif seksyon 213, otèl/chanm kay lwaye kontwole - epi pa yon lojman prive, NYCHA, oswa Seksyon 8?
- Èske non ou endike sou kontra lwaye a oswa sou lòd pri lwaye a oswa yo akòde ou dwa pou kontinye lwaye nan apatman an?
- Èske revni anyèl mete ansanm pou tout moun k ap viv nan kay la pi piti pase \$50,000 an 2018?
- Èske ou depanse plis pase 1/3 revni tout moun nan kay la mete ansanm ou nan lwaye? (Gade kesyon FAQ 9 pou jwenn plis enfòmasyon)
- Èske ou Resevwa Revni Sekirite Sipleman (Supplemental Security Income, SSI), Revni Sekirite Sosyal pou Andikap (Social Security Disability Income, SSDI), Pansyon pou Andikap nan Afè Veteran (Veteran Affairs, VA) oswa Konpansasyon pou Andikap nan, Pansyon Pou Andikap oswa Avantaj Konpansasyon Pou Andikap Sèvis Postal Etazini (United States Postal Service, USPS), oswa Medicaid pou Andikap?



**Si ou te reponn WI pou tout kesyon yo, ou ka kalifye pou DRIE**



**Si w ap viv nan youn nan kalite apatman ki endike la yo, ou PA kalifye pou DRIE:**



**Sa ou pral jwenn nan pake sa a**

- Paj 2:** Enstriksyon pou aplikasyon an. (Kenbe paj sa a pou referans ou)
- Paj 3-6:** Aplikasyon pou DRIE a. Ranpli epi soumèt paj sa yo, ak dokiman ki obligatwa yo.
- Paj 7-8:** Gen yon fèy kalkil opsyonèl pou ede ou kalkile revni anyèl melanje pou kay ou a.
- Paj 9-13:** Kèk kesyon moun poze souvan.

Si ou bezwen yon aranjman pou andikap oswa pou yon pwoblèm medikal pou ou kapab aplike pou yon sèvis oswa pou ou kapab resevwa sèvis la oswa pou ou kapab patisipe nan yon pwogram Depatman Finans ofri, nou envite ou pou kontakte Fasilitatè Sèvis Andikap la nan **nyc.gov/contactdofeeo** oswa rele 311.

## Enstriksyon pou Aplikasyon an

### Seksyon 1: Enfòmasyon sou Moun ki Aplike

Pou moun prensipal ki aplike, ekri prenon ou ak non fanmi ou an lèt detache, dat nesans, Nimewo Sekirite Sosyal ak adrès la okonplè. Si ou genyen, bay yon nimewo telefòn prensipal, yon nimewo telefòn selilè, oswa yon adrès imèl. Itilize kaz pou chwazi a pou endike si oumenm oswa nenpòt moun nan kay ou te aplike pou DRIE anvan sa a.

Aplikan prensipal la dwe ap resevwa yon avantaj andikap Federal. Tanpri pa bliye tcheke tout sa ki aplike nan kat nou mete a.

### Seksyon 2: Enfòmasyon sou Repezantan Lokatè a

Nou rekòmande ou toutbon pou tout ki aplike yo bay yon repezantan lokatè. Ou ka fè voye kopi avi ou yo bay yon lòt moun (an plis ou menm).

### Seksyon 3: Moun nan kay la ak Revni

Ou dwe bay chif revni anyèl total pou ou (moun ki aplike a ak tout moun nan kay la pou ane 2018).

#### Enfòmasyon sou Revni Moun ki Aplike a

- Itilize kaz revni pou chwazi yo pou endike tout sous revni yo. Endike nenpòt lòt revni, si genyen.
- Bay revni total la nan fèy kalkil revni an.
- Bay dediksyon total ki anvigè a nan fèy kalkil revni an.
- Si ou ta renmen konfime ou pa t resevwa okenn revni nan ane 2018, chwazi kaz ou jwenn nan epi bay prèv tankou men pa sèlman, dokiman ki soti nan Internal Revenue Service (IRS) ki endike ou pa t ranpli fòm deklarasyon taks ou nan ane 2018 oswa yon deklarasyon ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) ki endike ou pa t resevwa avantaj Sekirite Sosyal pou ane 2018.

Kounye a ou mete enfòmasyon sou revni ou, w ap bezwen ranpli seksyon revni an pou chak moun k ap viv nan kay la. Pa bliye tache prèv revni 2018 pou ou ak tout moun lakay ou.

#### Enfòmasyon sou Revni Fanmi an

- Ekri prenon ak non fanmi moun nan kay la.
- Bay dat nesans, Nimewo Sekirite Sosyal nan espas ou jwenn nan.
- Bay sa chak moun nan kay la ye pou ou (moun ki aplike a), pa egzanp, madanm/mari, frè/sè, frè, pitit fi/pitit gason, pitit-pitit fi/pitit-pitit gason.
- Itilize kaz pou chwazi a pou endike tout sous revni pou moun ki nan kay la. Endike nenpòt lòt revni, si genyen.
- Bay revni total la apati liy 16 fèy kalkil revni an sou paj 8
- Bay dediksyon ki anvigè a apati liy 21 fèy kalkil revni an sou paj 8
- Si ou ta renmen konfime yon moun lakay ou pa t resevwa okenn revni nan ane 2018, chwazi kaz ou jwenn nan epi tache prèv tankou men pa sèlman, dokiman ki soti nan Internal Revenue Service (IRS) ki endike ou pa t ranpli fòm deklarasyon taks ou nan ane 2018 oswa yon deklarasyon ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal (Social Security Administration, SSA) ki endike ou pa t resevwa avantaj SSA pou ane 2018.

### Seksyon 4: Enfòmasyon sou Kalite Apatman an

Endike kalite apatman admisib kote w ap viv la. Mete tout dokiman obligatwa yo pou kalite apatman ki konsène a.

### Seksyon 5: Sètifika

Apre ou li konfimasyon an, siyen li, ekri non ou an lèt detache epi mete dat la nan espas ou jwenn yo.

#### Verifikasyon Final ak Ekspedisyon pa Lapòs

Revize aplikasyon ou epi asire ou reponn tout kesyon yo. Bay yon kopi tout prèv revni pou ane 2018 lan pou oumenm ak tout moun ki nan kay la. Si li posib, bay nenpòt dokiman siplemantè jan nou mande sa nan Seksyon 4.

**Voye aplikasyon ou an pa lapòs nan:**  
**New York City Department of Finance, DRIE Unit**  
**59 Maiden Lane, 22nd Floor**  
**New York, NY 10038**

**Ou kapab soumèt aplikasyon an fas-a-fas tou;**  
**SCRIE/DRIE Walk-in Center**  
**66 John Street, 3rd Floor**  
**New York, NY 10038**  
**Lendi-Vandredi, ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m.**



# Diminisyon nan ogmantasyon pri lwaye pou moun andikape PREMYE APLIKASYON

## Avan ou kòmanse:

- Pa bliye siyen premye paj la kòm aplikan prensipal la.
- Voye aplikasyon ou fin ranpli a ak tout dokiman sipò yo bay: New York City Department of Finance, DRIE Unit, 59 Maiden Lane, 22nd Floor, New York, NY 10038.
- Si ou bezwen èd, rele 311 oswa voye yon mesaj bay [nyc.gov/contactdrie](http://nyc.gov/contactdrie).

## 1. ENFÒMASYON SOU MOUN KI APLIKE A

NON (PRENON, NON FANMI)		
DAT NESANS (mwa/jou/ane)		NIMEWO SEKIRITE SOSYAL
ADRÈS RI		APT.
VIL	ETA	KÒD POSTAL
TANPRI ENDIKE KONBYEN CHANM APATMAN OU A GENYEN _____	NIMEWO TELEFÒN (     )     —	NIMEWO SELILÈ (     )     —
ADRÈS IMÈL		ÈSKE OUMENM OSWA MADANM/ MARI OU TE APLIKE POU DRIE LONTAN? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non
AVANTAJ FEDERAL POU ANDIKAP W AP RESEVWA NAN MOMAN AN: (KOCHE TOUT KAZ KI KONSÈNE OU)		
<input type="checkbox"/> Asirans Sekirite Sipleman (Supplemental Security Insurance, SSI)	<input type="checkbox"/> Avantaj Konpansasyon Pansyon Pou Andikap oswa Andikap United States Postal Service (USPS)	
<input type="checkbox"/> Asirans pou Andikap nan Sekirite Sosyal (Social Security Disability Insurance, SSDI)	<input type="checkbox"/> Medicaid ki asosye avèk Andikap epi ou te resevwa SSI oswa SSDI lontan	
<input type="checkbox"/> Afè Veteran (Veterans Affairs, VA) Pansyon Pou Andikap oswa Avantaj Konpansasyon Pou Andikap		

## 2. ENFÒMASYON SOU REPREZANTAN LOKATÈ A

Ou ka fè voye kopi avi ou yo bay yon lòt moun (an plis ou menm). Tanpri ranpli Seksyon Enfòmasyon sou Reprizantan Lokatè a pou bay non ak adrès reprizantan ou a. Nòt: Si ou pa bay yon non ak adrès konplè, nou p ap ka voye yon avi bay reprizantan lokatè ou a.

NON (PRENON, NON FANMI)		RELASYON AVÈK MOUN KI APLIKE A
ÒGANIZASYON		NIMEWO TELEFÒN (     )     —
ADRÈS RI		APT.
VIL	ETA	KÒD POSTAL
ADRÈS IMÈL		

Si ou bezwen asistans oswa ou pa ka soumèt aplikasyon an oswa dokimantasyon an paske ou gen yon andikap, tanpri rele 311 epi mande pou Fasilite Andikap DOF la. Si ou gen kesyon jeneral konsènan pwogram SCRIE/DRIE nan ak kijan pou ou aplike, tanpri rele 311 oswa voye yon mesaj bay nou nan [nyc.gov/contactscrie](http://nyc.gov/contactscrie) oswa [nyc.gov/contactdrie](http://nyc.gov/contactdrie).

**3. MOUN NAN KAY LA AK REVNI**

Ranpli seksyon revni ki vini pou ou (moun ki aplike a) ak pou chak moun ki nan kay la. Ou dwe bay dokiman sipò yo pou tout moun ki nan kay la. Gade Fèy Kalkil Revni Anvan Kalifikasyon pou kalkile revni total la.

Si gen plis pase de (2) moun siplemantè k ap viv avèk ou, bay enfòmasyon yo sou yon fèy apa epi tache li nan aplikasyon ou.

**Moun ki Aplike:**

NON (PRENON, NON FANMI)		
SOUS REVNI YO		
<input type="checkbox"/> Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA, SSDI, SSI)	<input type="checkbox"/> Avantaj pou Veteran	<input type="checkbox"/> Salè
<input type="checkbox"/> Pansyon	<input type="checkbox"/> Revni nan IRA/Anwite	<input type="checkbox"/> Avantaj Sèvis Postal Ameriken
<input type="checkbox"/> Pwofi nan Kapital	<input type="checkbox"/> Èd Piblik	<input type="checkbox"/> Lwaye lokatè ou (yo) peye: _____
<input type="checkbox"/> Revni nan Biznis	<input type="checkbox"/> Konpansasyon Travayè	<input type="checkbox"/> Lòt: _____
Si ou pran retrèt nan ane 2018, tanpri endike ki ane ou te pran retrèt la: _____		
REVNI TOTAL NAN ANE 2018	DEDIKSYON TOTAL POU ANE 2018	<input type="checkbox"/> MWEN PAT GEN REVNI NAN ANE 2018

**Moun nimewo 1 ki nan kay la:**

NON (PRENON, NON FANMI)		
DAT NESANS (mwa/jou/ane)	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL	RELASYON AVÈK MOUN KI APLIKE A
SOUS REVNI YO		
<input type="checkbox"/> Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA, SSDI, SSI)	<input type="checkbox"/> Avantaj pou Veteran	<input type="checkbox"/> Salè
<input type="checkbox"/> Pansyon	<input type="checkbox"/> Revni nan IRA/Anwite	<input type="checkbox"/> Avantaj Sèvis Postal Ameriken
<input type="checkbox"/> Pwofi nan Kapital	<input type="checkbox"/> Èd Piblik	<input type="checkbox"/> Lòt: _____
<input type="checkbox"/> Revni nan Biznis	<input type="checkbox"/> Konpansasyon Travayè	
REVNI TOTAL NAN ANE 2018	DEDIKSYON TOTAL POU ANE 2018	<input type="checkbox"/> MOUN NAN KAY SA A PA T GEN REVNI NAN ANE 2018

**Moun nimewo 2 ki nan kay la:**

NON (PRENON, NON FANMI)		
DAT NESANS (mwa/jou/ane)	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL	RELASYON AVÈK MOUN KI APLIKE A
SOUS REVNI YO		
<input type="checkbox"/> Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA, SSDI, SSI)	<input type="checkbox"/> Avantaj pou Veteran	<input type="checkbox"/> Salè
<input type="checkbox"/> Pansyon	<input type="checkbox"/> Revni nan IRA/Anwite	<input type="checkbox"/> Avantaj Sèvis Postal Ameriken
<input type="checkbox"/> Pwofi nan Kapital	<input type="checkbox"/> Èd Piblik	<input type="checkbox"/> Lòt: _____
<input type="checkbox"/> Revni nan Biznis	<input type="checkbox"/> Konpansasyon Travayè	
REVNI TOTAL NAN ANE 2018	DEDIKSYON TOTAL POU ANE 2018	<input type="checkbox"/> MOUN NAN KAY SA A PA T GEN REVNI NAN ANE 2018

**4. KALITE APATMAN AN (CHWAZI YOUN)**

**Pri Lwaye Estabilize**

Si ou chwazi kaz la, tanpri soumèt:

- Dènye ak ansyen kontra lwaye oumenm ak mèt kay la te siyen
- Kredi nan Taks Preferansyèl oswa pou Lojman Moun ki pa Touche Ase Revni (Low-Income Housing Tax Credit, LIHTC), si genyen

DIRE KONTRA LWAYE A (CHWAZI YOUN)

1 ANE

2 ZAN

Èske sa a se premye kontra lwaye ou pou apatman sa a?

Wi

Non

Mwen pa konnen

**Pri Lwaye Kontwole**

Si ou chwazi kaz la, tanpri soumèt:

- Avi pou Ogmantasyon nan Pri Lwaye Maksimòm Debaz pou ane sa a (ak ane avan an, si genyen) ak Fòm Pri Lwaye Maksimòm pou Peye RN-26
- Rapò Mèt Kay la pou ane sa a (ak ane avan an, si genyen) ak Fòm Sètifika ajisteman frè gaz Fòm RA33.10

**Otèl ki Gen Pri Lwaye Kontwole/Okipasyon yon Sèl Chanm (Single Room Occupancy, SRO)**

Si ou chwazi kaz la, tanpri soumèt:

- Anrejistreman anyèl apatman nan Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominote (Division of Housing and Community Renewal, DHCR) pou ane kounye a ak ane anvan an
- Yon lèt direksyon an oswa mèt kay la bay ki endike pri lwaye a nan moman an ak pri lwaye a anvan

**Mitchell-Lama, Dividann Limite, Redevlopman, Koperativ Konpayi Finansman Devlopman Lojman (Housing Development Fund Company, HDFC), Koperativ Seksyon 213**

Si ou chwazi kaz la, tanpri soumèt:

- Dokiman ki gen lis pri lwaye oswa lèt biwo direksyon ou bay ki endike dat dènye ogmantasyon pri lwaye ou, ak kantite lajan ou peye anvan ak apre ogmantasyon an. Si sa se premye ogmantasyon pri lwaye ou depi lè ou abite nan apatman an, tanpri endike dat ou te antre nan apatman ou.
- Deklarasyon revni moun nan kay la sou sèman pou ane 2018, si genyen

Nòt: Si pri lwaye ou te ogmante akòz yon Gwo Amelyorasyon Enpòtan (Major Capital Improvement, MCI), bay Lòd Apwobasyon Divizyon Lojman ak Renouvèlman Kominote (Division of Housing and Community Renewal, DHCR).

**5. SÈTIFIKA**

Tanpri li sètifika ki anba la a avèk anpil atansyon, epi siyen li. Aplikasyon ou pa konplè si ou pa siyen li.

Anba menas sanksyon lalwa bay, mwen konfime m ap viv nan moman an nan adrès ki endike nan aplikasyon sa a epi enfòmasyon mwen bay yo se enfòmasyon ki vrè ak konplè.

Mwen rekonèt epi mwen dakò si mwen pa divilge revni tout moun nan kay la, ansanm avèk peman pansyonè yo fè ban mwen, mwen ka gen responsablite pou remèt Minisipalite Vil la tout kantite lajan nenpòt avantaj DRIE mwen te resevwa yon fason ki pa t kòrèk plis nenpòt frè pou peye pou enterè.

Mwen rekonèt Depatman Finans (Department of Finance) ka verifye revni mwen.

EKRI NON MOUN PRENSIPAL KI APLIKE A AN LÈT DETACHE	SIYATI MOUN PRENSIPAL KI APLIKE A	DAT LA
EKRI MOUN KI GEN DWA PWOKIRASYON AN/RESPONSAB LEGAL YO DEZIYEN AN LÈT DETACHE	SIYATI MOUN KI GEN DWA PWOKIRASYON AN/RESPONSAB LEGAL YO DEZIYEN AN	DAT LA

*Si yon Dwa Pwokirasyon/Responsab Legal Tribinal Chwazi siyen sou non moun prensipal ki aplike a, Dwa Pwokirasyon an oswa dokiman tribinal la obligatwa.*

Lwa Federal 1974 sou Enfòmasyon Prive, selon amannman, egzije ajans ki mande Nimewo Sekirite Sosyal yo pou fè moun yo mande enfòmasyon sa yo konnen si se avèk volonte yo oswa avèk obligasyon pou yo konfòme yo avèk demann lan, pou kisa ajans yo fè demann lan, ak fason ajans yo pral itilize enfòmasyon yo. Divilgasyon Nimewo Sekirite Sosyal yo pou moun ki aplike yo ak moun nan kay la ki touche revni obligatwa ak nesèsè dapre seksyon 11-102.1 Kòd Administratif Vil New York. Nou mande Nimewo Sekirite Sosyal ki divilge sou nenpòt rapò oswa fòm deklarasyon taks pou rezon administrasyon taks sèlman, epi n ap itilize yo pou fasilite pwosesis rapò yo epi pou detèmine ak konsève yon sistèm inifòm pou idantifye kontribiyab ki depannde oswa ki ka depannde taks Depatman Finans administre epi touche. Nou ka divilge Nimewo Sekirite Sosyal sa yo tou nan enfòmasyon ki endike nan fòm deklarasyon taks kontribiyab la ba yon lòt depatman, moun, ajans oswa enstitisyon jan lalwa ka egzije sa, oswa si moun ki aplike a oswa moun nan kay ki touche revni yo bay otorizasyon alekri pou Depatman Finans.

## Avan ou soumèt aplikasyon ou:

- Èske ou te tcheke aplikasyon an pou asire ou te reponn tout kesyon yo?
- Èske ou te siyen ak date aplikasyon an?
- Èske ou te mete prèv laj ou, tankou yon kopi batistè ou oswa yon pyès idantite gouvènman te ba ou?
- Èske ou te mete prèv lwaye, jan li prezive nan seksyon 4 aplikasyon an?
- Èske ou te mete prèv revni pou TOUT moun nan kay la ansanm ak oumenm ak lòt lokatè yo, pou ane 2018?
- Èske ou te mete prèv w ap resevwa yon avantaj pou andikap ki kalifye?

### Pou pwouve revni ou:

- Soumèt kopi deklarasyon taks eta ak federal 2018 ou, ak nenpòt anèks/atachman, pou tèt ou ak tout moun nan kay ou.

### **OSWA, soumèt dokiman ki verifye revni ou pou tèt ou ak chak lokatè ki pa te depoze yon deklarasyon taks ane pase. Lòt dokiman verifikasyon gen ladan:**

- Etadkont avantaj Sekirite Sosyal
- Etadkont fen ane pou IRA/anwite
- Etadkont pansyon
- Lèt lokatè siyen ki konfime peman lwaye
- Lèt bidjè pou èd piblik
- Peman pou Andikap/Konpansasyon Travayè
- Lèt sitiyan etidyan pou nenpòt etidyan ki p ap travay epi k ap viv nan kay la
- Lèt siyen nenpòt moun, tankou fanmi ak zanmi, ki te prete ou lajan

**Si ou bezwen asistans oswa ou pa ka soumèt aplikasyon an oswa dokimantasyon an paske ou gen yon andikap, tanpri rele 311 epi mande pou Fasilitatè Andikap DOF la. Si ou gen kesyon jeneral konsènan pwogram SCRIE/DRIE nan ak kijan pou ou aplike, tanpri rele 311 oswa voye yon mesaj bay nou nan [nyc.gov/contactscrie](http://nyc.gov/contactscrie) or [nyc.gov/contactdrie](http://nyc.gov/contactdrie).**

---

## Soumèt aplikasyon ou

### PA LAPÒS:

New York City Department of Finance  
DRIE Unit  
59 Maiden Lane, 22nd Floor  
New York, NY 10038

### FAS-A-FAS:

SCRIE/DRIE Walk-in Center  
66 John Street, 3rd Floor  
New York, NY 10038  
Lendi-Vandredi, ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m.

**NÒT: Ou kapab itilize aplikasyon sa a sèlman si ou soumèt li ant 1ye janvye 2019 ak 31 desanm 2019.**

**Ou dwe voye tout dokiman sipò yo. Si nou pa kapab travay sou aplikasyon ou.**

## Fèy Kalkil Revni Kay ki nan SCRIE/DRIE (Fason pou kalkile revni kay ou)

Tanpri gade fèy kalkil revni ki tache a. Itilize fèy kalkil sa a kòm yon zouti pou detèmine revni anyèl total kay ou pou ane anvan an. Ranpli seksyon revni an pou chak moun nan kay. Si gen plis pase de (2) moun siplemantè k ap viv avèk ou, bay enfòmasyon yo sou yon fèy apa epi tache li nan aplikasyon ou.

Anvan ou kòmanse, ou ta dwe:

- Rasanble tout dokiman revni yo pou ane 2018 pou ou ak tout moun lakay ou.
- Antre kantite lajan total ou resevwa a nan kay ou jwenn pou kalite revni ki koresponn nan sou fèy kalkil revni an.

### SOUS REVNI:

#### Liy 1 – Avantaj Sekirite Sosyal (Social Security Benefits, SSA)

Antre kantite lajan total anvan dediksyon pou nenpòt avantaj retrèt oswa sivivan oumenm ak tout moun lakay resevwa ou te nan Administrasyon Sekirite Sosyal nan ane 2018. *Ale nan Fòm 1099 SSA, Fòm 1040 IRS. PA mete ranbousman anba Medicare/Medicaid pou depans medikal yo.*

#### Liy 2 – Asirans Sekirite Sosyal pou Andikap (Social Security Disability Insurance, SSDI)

Mete Revni Sekirite Sosyal pou Andikap (Social Security Disability Income, SSDI) ou menm ak tout moun nan kay la resevwa. *Gade tout lèt rekonpans avantaj yo pou jwenn avantaj ou te resevwa yo nan ane 2018.*

#### Liy 3 – Asirans Sekirite Siplemantè (Supplemental Security Insurance, SSI)

Mete Revni Sekirite Siplemantè (Supplemental Security Income, SSI) ou menm ak tout moun nan kay la resevwa an 2018. *Gade tout lèt rekonpans avantaj yo pou jwenn avantaj ou te resevwa yo nan ane 2018.*

#### Liy 4 – Afè Veteran (Veterans Affairs, VA) Pansyon Pou Andikap oswa Avantaj Konpansasyon Pou Andikap

Antre kantite lajan total tout avantaj yo anvan dediksyon pou ou ak tout moun nan kay la ki te resevwa avantaj VA nan Depatman Afè Veteran (Department of Veterans Affairs) Etazini. Soumèt kopi tout lèt avantaj yo ki soti nan Depatman Afè Veteran ki endike ki kantite lajan ou te resevwa nan ane 2018.

#### Liy 5 – Avantaj Konpansasyon Pansyon Pou Andikap oswa Andikap United States Postal Service (USPS)

Antre kantite lajan total tout avantaj yo anvan dediksyon pou ou ak tout moun nan kay la ki te resevwa avantaj USPS nan Sèvis Postal Etazini (U.S. Postal Service) Soumèt kopi tout lèt avantaj yo ki soti nan Sèvis Postal Etazini ki endike ki kantite lajan ou te resevwa nan ane 2018.

#### Liy 6 – Salè pa Èdtan/Salè/Poubwa

Antre kantite lajan total salè pa èdtan, salè, ak poubwa, oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2018. *Ale nan kaz 1 ki nan W-2, kaz 7 ki nan 1099-WISC, liy 7 Fòm 1040 IRS, liy 7 Fòm IT-201 NYS.*

#### Liy 7 – Pansyon

Antre kantite lajan total pansyon oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2018.

#### Liy 8 – Peman pou Andikap/Konpansasyon Travayè

Antre kantite lajan total Konpansasyon Travayè oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2018. Soumèt yon kopi lèt rekonpans ou ansanm avèk aplikasyon ou.

#### Liy 9 – Enterè ki Taksab ak Enterè ki Pa Taksab

Antre kantite lajan total tout enterè ki taksab ak enterè ki pa taksab oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2018. *Ale nan kaz 1 ki nan 1099-INT, Fòm 1040 IRS, Fòm IT-201 NYS.*

#### Liy 10 – Lèt Rekonpans Lajan Kach Èd Piblik

Antre kantite lajan total nenpòt èd lajan kach oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2018. Soumèt kopi lèt bidjè a ansanm avèk aplikasyon pou tout moun nan kay la k a resevwa èd lajan kach la. Ou pa ta dwe mete SNAP/koupon pou manje nan revni kay ou.

#### Liy 11 – Revni nan Biznis

Antre kantite lajan total sous revni nan biznis oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2018. *Ale nan Fòm 1040 IRS, Fòm I-201 NYS. PA mete yon pèt.* Revni nan biznis apre dediksyon se resèt brit mwens depans yo.

#### Liy 12 – Pwofi nan Kapital

Antre kantite lajan total pwofi nan kapital ki oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2018. *Ale nan Fòm 1040 IRS, Fòm I-201 NYS. PA mete yon pèt.*

#### Liy 13 – Revni nan IRA

Antre kantite lajan total revni nan IRA oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2018. Tache yon kopi etadkont salè fen ane pou ane 2018. *PA mete kantite lajan total distribisyon an. PA mete okenn refinansman IRA oswa konvèsyon.*

#### Liy 14 – Revni nan Anwite

Antre kantite lajan total revni nan anwite oumenm ak tout moun lakay ou te resevwa nan ane 2018. Tache yon kopi etadkont salè fen ane pou ane 2018. *PA mete kantite lajan total distribisyon an.*

#### Liy 15 – Tout Lòt Revni

Antre tout lòt revni ou te resevwa nan ane 2018. Lòt revni gen ladan (men pa sèlman) revni nan lokasyon, lwaye ou touche nan men lokatè, revni nan byen imobilye oswa fideyikomi, peman pansyon alimantè, peman sipò timoun, lajan ou genyen nan jwèt aza, dividann ki taksab ak dividann ki pa taksab, anilasyon dèt ak sipò lajan ou resevwa nan men fanmi/zanmi pou lwaye.

#### Liy 16 – Adisyone liy 1 jiska liy 15 epi antre kantite lajan an.

### DEDIKSYON KI ANVIGÈ

#### Liy 17 – Taks federal sou revni

*(Kaz 2 ki nan W-2, Fòm 1099—kaz ki gen dediksyon taks federal sou revni OSWA Fòm 1040)*

#### Liy 18 – Taks Leta sou revni

*(Kaz 17 ki gen W-2 EPI Fòm 1099- Kaz ki gen dediksyon taks Leta OSWA Fòm IT-201)*

#### Liy 19 – Taks lokal sou revni

*(W-2 kaz 19, Fòm OSWA IT-201)*

#### Liy 20 – Taks sekirite Sosyal ou

*(Kaz 4 ki nan W-2)*

#### Liy 21 – Adisyone liy 17 jiska liy 20 epi antre kantite lajan an.

### REVNI TOTAL KAY LA

#### Liy 22 – Soustrè liy 21 nan liy 16 epi antre kantite lajan an.

## Fèy Kalkil Revni pou Pre-Kalifikasyon pou SCRIE/DRIE

Sous Revni Moun ki Aplike a Resevwa		Moun ki Aplike a	Moun nan Kay #1	Moun nan Kay #2	TOTAL
1	Avantaj Sekirite Sosyal (Social Security Benefits, SSA) (Kaz 5 ki nan SSA-1099, Fòm 1040 IRS)	\$	\$	\$	\$
2	Asirans pou Andikap nan Sekirite Sosyal (Social Security Disability Insurance, SSDI) (Etadkont Avantaj SSDI)	\$	\$	\$	\$
3	Asirans Sekirite Sipleman (Supplemental Security Insurance, SSI) (Etadkont Avantaj SSI)	\$	\$	\$	\$
4	Afè Veteran (Veterans Affairs, VA) Pansyon Pou Andikap oswa Avantaj Konpansasyon Pou Andikap (Etadkont Avantaj Anyèl)	\$	\$	\$	\$
5	United States Postal Service (USPS) Pansyon Pou Andikap oswa Avantaj Konpansasyon Pou Andikap (Tache etadkont avantaj anyèl)	\$	\$	\$	\$
6	Salè pa èdtan/Salè/Poubwa (Kaz 1 ki nan W-2, kaz 7 ki nan 1099-WISC, liy 7 Fòm 1040 IRS, liy 1 Fòm IT-201 NYS)	\$	\$	\$	\$
7	Pansyon (Kaz 1 ki nan 1099R, pansyon anyèl total ki nan etadkont pansyon, Fòm 1040 IRS)	\$	\$	\$	\$
8	Peman pou Andikap/Konpansasyon Travayè (Tache lèt rekonpans lan)	\$	\$	\$	\$
9	Enterè ki Taksab ak Enterè ki Pa Taksab (Kaz 1 ki nan 1099-INT, Liy 8a ak 8b ki nan Fòm 1040 IRS)	\$	\$	\$	\$
10	Lèt Rekonpans Lajan Kach Èd Piblik (Lèt Bidjè PA)	\$	\$	\$	\$
11	Revni nan Biznis (Fòm IRS 1040—PA mete yon pèt, Fòm IT-201 NYS)	\$	\$	\$	\$
12	Pwofi nan Kapital (Fòm IRS 1040, Fòm NYS IT 201—PA mete yon pèt)	\$	\$	\$	\$
13	Salè nan IRA (Etadkont salè fen ane—PA mete kantite lajan distribisyon ou)	\$	\$	\$	\$
14	Salè nan Anwite (Etadkont salè fen ane—PA mete kantite lajan distribisyon ou)	\$	\$	\$	\$
15	Tout Lòt Revni (ale nan gid FAQ pou jwenn yon lis sous revni yo)	\$	\$	\$	\$
16	<b>REVNI TOTAL (Adisyon liy 1 jiska liy 15)</b>	<b>+</b>	\$	\$	\$
<b>Dediksyon ki Anvigè</b>					
17	Taks Federal sou revni (Kaz 2 ki nan W-2 ak Fòm 1099—kaz ki gen dediksyon taks federal sou revni <u>OSWA</u> fòm 1040)	\$	\$	\$	\$
18	Taks Leta sou revni (Kaz 17 ki gen W-2 EPI Fòm 1099- Kaz ki gen dediksyon taks Leta <u>OSWA</u> Fòm IT-201)	\$	\$	\$	\$
19	Taks lokal ou sou revni (Kaz 19 ki nan W-2, <u>OSWA</u> Fòm IT-201)	\$	\$	\$	\$
20	Taks Sekirite Sosyal. (Kaz 4 ki nan W-2)	\$	\$	\$	\$
21	<b>DEDIKSYON TOTAL (Adisyon liy 17 jiska liy 20)</b>	<b>+</b>	\$	\$	\$
22	<b>REVNI TOTAL (liy 16 mwens liy 21)</b>	<b>-</b>	\$	\$	\$

### Kisa 1/3 revni pa mwa ou ye?

Pran total montan sou liy 22: epi divize (÷) montan sa a pa 3636 = \$

Èske kantite lajan sa a pi plis pase pri lwaye w ap peye nan moman an?  Wi  Non

**Si ou reponn WI, ou KA PA kalifye. Men, ou ka kontinye avèk aplikasyon an. Si ou jwenn refi pou aplikasyon ou, ou k ap aplike ane k ap vini an.**



# Egzanpsyon nan Ogmantasyon Pri Lwaye pou Moun Andikape

## APLIKASYON ESTABILIZASYON PRI LWAYE KESYON MOUN POZE SOUVAN

**Tanpri ale nan FAQ sa a pou jwenn èd lè w ap ranpli aplikasyon DRIE ou.**

Tanpri li men pa prezante li ansanm avèk aplikasyon ou

### 1. Kimoun ki kalifye pou DRIE?

- ✓ Pou kalifye pou **DRIE** ou dwe gen 18 tan oswa plis nan moman ou aplike a.
- ✓ Ou dwe t ap resevwa yon avantaj federal pou andikap ki admisib, pa egzanp: Pansyon andikap oswa avantaj konpansasyon SSI, SSDI, VA, USPS pansyon andikap oswa avantaj konpansasyon andikap, oswa andikap ki gen pou wè ak Medicaid ak SSI oswa SSDI ou te resevwa avan.
- ✓ Revni total moun lakay ou (revni oumenm ak TOUT moun lakay ou resevwa) pa kapab depase \$50,000 dola.
- ✓ Ou peye plis pase yon tyè revni pa mwa moun lakay ou nan lwaye.  
(NÒT: 1/3 nan revni pa mwa ou pa kapab pi plis pase pri lwaye w ap peye nan moman an.)
- ✓ Ou dwe ap viv nan yon apatman ki gen pri lwaye kontwòle (Pri Lwaye Estabilize, Kontwòl Pri Lwaye, Otèl ki Gen Pri Lwaye Kontwòle, oswa Mitchell-Lama, Dividann Limite, Redevlopman, Koperativ Konpayi Finansman Devlopman Lojman (Housing Development Fund Company, HDFC), Koperativ Seksyon 213).

EPI

- ✓ Non ou dwe nan kontra lwaye a, Avi pou Pri Lwaye Maksimòm Debaz, oswa Lòd pou Pri Lwaye kòm moun prensipal ki aplike a.

Si non ou pa nan kontra lwaye a, Avi pou Pri Lwaye Maksimòm Debaz, oswa Lòd pou Pri Lwaye, ou dwe bay prèv dwa siksesyon an.

*NÒT: Ou dwe voye TOUT dokiman obligatwa yo ansanm avèk aplikasyon an. Si ou pa voye TOUT dokiman obligatwa yo, n ap voye aplikasyon ou retounen ba ou.*

### 2. Kisa mwen kapab fè si mwen rate delè pou pwogram SCRIE a (Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye)?

Si ou bezwen plis tan pou soumèt aplikasyon ou a paske ou gen yon andikap oswa pwoblèm fizik oswa mantal, ou kapab mande plis tan. Si ou bezwen èd oswa ou gen kesyon konsènan yon andikap oswa ou bezwen mande plis tan, tanpri rele 311 epi mande pou Fasilite Sèvis Andikap Depatman Finans la; kontakte [nyc.gov/contactdofeeo](http://nyc.gov/contactdofeeo); or visit our office at 66 John Street, 3rd Floor, New York, N.Y., Monday to Friday, 8:30 a.m. to 4:30 p.m.

Menm si ou pa gen yon andikap oswa pwoblèm fizik oswa mantal, ou kapab toujou kalifye paske ou te gen yon sikonstans eksepsyonèl pandan lè ou t ap ranpli aplikasyon ou a. Si ou te entènè lopital pou yon kondisyon medikal tanporè, oswa apatman ou te domaje akòz dife, inondasyon, yon katastwòf natirèl, oswa lòt sikonstans eksepsyonèl, ou kapab soumèt yon deklarasyon sou sikonstans la ak nenpòt dokiman ki pwouve reklamasyon ou a ak aplikasyon ou an. Si ou gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte 311 oswa voye yon mesaj ba nou nan [nyc.gov/contactdrie](http://nyc.gov/contactdrie).

### 3. Kimoun ki se yon reprezantan lokatè epi kijan li kapab ede mwen?

Yon **reprezantan lokatè** oswa **rep lokatè** se nenpòt moun ou chwazi pou resevwa yon kopi tout avi DRIE yo voye ba ou epi ki kapab ede ou avèk pwosesis aplikasyon an. Reprezantan lokatè yo kapab se manm fanmi, zanmi, vwazen oswa òganizasyon kominotè. Reprezantan lokatè yo kapab se nenpòt moun titèl yon tribinal deziyen, tankou moun ki alatèt kay angwoup, avoka, Manadjè lojman granmoun aje, administratè mezon retrèt, administratè sèvis sosyal, elatriye.

Si ou gen yon reprezantan lokatè sa kapab pètèt rezoud enkyetid ou yo paske l ap resevwa enfòmasyon enpòtan sou sityasyon aplikasyon ou ak/oswa sityasyon avantaj ou. Sizoka nou pa kapab kontakte ou, si ou pa t resevwa yon avi oswa si ou pa konprann avi nou voye ba ou a, reprezantan lokatè ou ta kapab ede ou.

### 4. Pou objektif Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye, kimoun nou konsidere kòm yon moun ki nan kay?

Nou konsidere moun ki rele nan kay la kòm moun prensipal k ap aplike a ak nenpòt moun k ap viv nan apatman an sou yon baz pèmanan. Yon lokatè, pansyonè oswa sou-lokatè serye ki pa anyen pou chèf kay la pa konsidere kòm yon moun ki nan kay la. Ou dwe bay lis tout moun ki nan kay la sou aplikasyon an, epitou ou dwe divilge revni yo pou ane anvan an (ane anvan ou ranpli aplikasyon ou). Si nenpòt nan moun nan kay la pa t gen revni nan ane anvan an, ou dwe endike sa sou aplikasyon an epi ou dwe bay prèv ki endike pa gen revni.

**5. Kimoun nou PA konsidere kòm yon moun nan kay la?**

Pansyonè ki gen yon akò lokasyon epi ki peye ou pa konsidere kòm moun nan kay la. Manm fanmi yo pa konsidere kòm pansyonè. *NÒT: lokatè yo pa kalifye pou pran kontwòl avantaj yo.* Ou pa gen pou endike pansyonè yo sou aplikasyon ou; men ou dwe divilge kantite lajan lwaye yo peye ou depi ou soumèt yon lèt pansyonè a bay ki endike kantite lajan li peye ou chak mwa. *PA soumèt revni pansyonè a te resevwa.*

**6. Si yon lòt moun nan kay la gen SCRIE oswa DRIE deja, èske yon lòt moun nan kay la kapab aplike pou SCRIE oswa DRIE?**

NON. Lalwa pa bay pèmasyon pou yon kay gen SCRIE ak DRIE anmenmtan.

**7. Kisa pou mwen fè si mwen te gen moun nan kay la ane pase men yo p ap viv avèk mwen pandan lè mwen aplike a?**

Si moun nan (yo) t ap viv nan kay la ane pase anvan ou aplike men yo p ap viv avèk ou nan moman an, pa gen nesosite pou endike yo sou aplikasyon ou ni okenn enfòmasyon sou revni yo pa obligatwa.

**8. Kisa k ap pase si benefisyè prensipal avantaj yo mouri oswa si l ap viv nan yon mezon retrèt nèt?**

Si benefisyè prensipal avantaj yo mouri, si li l ap viv nan yon mezon retrèt nèt oswa si li kite apatman an nèt, yon moun nan kay la ki satisfè kritè pou kalifye pou Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye, ki te gen non li endike sou yon aplikasyon anvan, epi ki resevwa dwa siksesyon, ka kalifye pou pran kontwòl avantaj yo. Ou ta dwe depoze yon aplikasyon pou pran kontwòl avantaj yo nan 6 mwa apre benefisyè prensipal avantaj yo mouri oswa kite apatman an, oswa 90 jou apre Depatman Finans voye yo avi pou anilasyon, kèlkeswa dat ki apre a.

Si ou se yon moun ki rete nan kay la ki rete EPI ou satisfè tout kondisyon yo pou kalifye pou SCRIE oswa DRIE, ou dwe soumèt sa ki endike anba la a:

**Pou oumenm:** Yon aplikasyon pou pran kontwòl avantaj yo AK

Yon kontra / akò lokasyon lwaye ki montre ou kòm lokatè dosye a oswa kòm yon lòt lokatè OSWA

Yon lèt ki soti nan direksyon bilding ou ki endike ou gen dwa pou siksesyon nan apatman an OSWA

Yon lòd tribinal ki ba ou dwa pou siksesyon nan apatman an

**Pou benefisyè prensipal avantaj yo:** Prèy ki endike benefisyè prensipal avantaj yo te mouri depi ou bay yon sètifika lanmò. Pou yon benefisyè prensipal avantaj ki kite apatman an nèt, prèy yo ka gen ladan yon lèt yon mezon retrèt bay, yon kontra lwaye, yon lèt nan men pwopriyetè kay ou oswa ajan manajman an, oswa yon ID gouvènman federal, leta oswa lokal bay ki endike yon nouvo adrès.

**9. Kijan pou mwen kalkile revni total moun lakay mwen?**

Revni anyèl total moun nan kay la egal a revni anyèl ou plis revni anyèl tout moun ki nan kay la. Revni total moun nan kay la dwe se \$50,000 dola oswa mwens apre dediksyon akseptab yo. Dediksyon ki akseptab yo se taks federal, taks Eta, taks lokal, ak taks Sekirite Sosyal ki peye. Ou ka kalkile sa ak total montan 2018 yo kenbe, oswa lè ou mete total taks evalye ki anrejistre Fòm IRS 1040; Fòm IT-201. Nòt: Moun k ap travay poukont yo pa ka retire peman Medicare; taks Sekirite Sosyal ou gen 81% sou taks travay endepandan federal ou.

**Kijan pou mwen detèmine 1/3 revni mwen?**

Kalkile revni anyèl moun nan kay la epi divize li pa 36.

(Gade Fèy Kalkil Revni an pou detèmine revni anyèl total moun lakay ou.)



revni anyèl moun ki aplike a pou **ane anvan** an

revni anyèl moun nan kay la pou **ane anvan** an

revni anyèl kay la pou **ane anvan** an

Pa egzanp, si revni anyèl kay ou se	lè sa a revni kay ou pa mwa se	Pou kalifye, pri lwaye ou pa mwa dwe pi gwo pase
\$15,000.00	\$1,250.00	\$416.67
\$20,000.00	\$1,666.67	\$555.56
\$25,000.00	\$2,083.33	\$694.44
\$30,000.00	\$2,500.00	\$833.33
\$35,000.00	\$2,916.67	\$972.22
\$40,000.00	\$3,333.33	\$1,111.11
\$50,000.00	\$4,166.67	\$1,388.89

### 10. Kijan pou mwen detèmine pri lwaye estabilize mwen?

Nou estabilize pri lwaye a swa nan kantite lajan pri lwaye ou anvan oswa 1/3 revni pa mwa ou, kèlkeswa sa ki pi gwo a.

### 11. Si mwen pa t kalifye nan ane anvan yo, èske mwen kapab aplike ankò?

Wi. Pa egzanp: Si ou pa t kalifye dapre revni ou pou ane 2017, epi si revni ane 2018 ou pi piti, ou kapab aplike ankò nan ane 2019 epitou ou kapab soumèt tout prèv revni obligatwa ou pou ane 2018.

### 12. Kisa pou mwen fè si mwen pa kapab siyen aplikasyon an sou plan fizik?

Yon moun ak yon on Dwa Pwokirasyon (Power of Attorney, POA) otorize oswa yon responsab legal tribinal chwazi ka siyen dokiman yo sou non benefisyè prensipal la. Tanpri soumèt kopi dwa pwokirasyon an oswa lòd tribinal la ansanm avèk aplikasyon an yon fason pou DRIE kapab konsève enfòmasyon yo nan dosye epi pou asire nou voye kopi tout korespondans DRIE ba POA oswa ba responsab legal la.

### 13. Kisa dediksyon ki anviye ye?

Taks federal, taks Leta, taks Vil ak taks Sekirite sosyal ou se dediksyon ki anviye. Ou ka pran pi gwo pati nan taks ou yo te kenbe pou ane 2018 la oswa total taks yo te evalye a. Sonje peman pou Medicare yo pa yon dediksyon ou ka itilize.

### 14. Kisa yo konsidere kòm revni mwen dwe rapòte pou yo detèmine si mwen kalifye?

Anba la a se yon lis sous revni pwogram DRIE konsidere. Si oumenm ak moun lakay ou resevwa revni nan nenpòt nan sous sa yo, w ap gen pou antre enfòmasyon sa yo nan *Fèy Kalkil Revni* ou jwenn nan ansanm avèk aplikasyon an, epitou w ap gen pou tache prèv dokiman yo jan sa endike.

- Sekirite Sosyal (SSA, SSI, SSDI)  
(Tache kopi SSA-1099 oswa dokiman lèt rekonpans avantaj SSI)
- Salè/Salè pa Èdtan/Poubwa (Tache W-2 yo tankou travay endepandan)
- Revni nan Biznis  
(Tache Anèks C, Fòm Deklarasyon Taks nan S-Corp avèk K-1 oswa Fòm Deklarasyon Taks Patenarya)
- Enterè ki Taksab ak Enterè ki pa Taksab (Tache tout 1099-INT ak etadkont fen ane pou enterè ki pa taksab yo)
- Dividann ki Taksab ak Dividann ki pa Taksab (Tache tout 1099-INT ak etadkont fen ane pou dividann ki pa taksab yo)
- Revni nan IRA  
(Tache yon kopi enterè, dividann, oswa pwofi ou fè sou kapital). PA mete kantite lajan distribisyon ou.
- Plan Pansyon, Anwite ak Retrèt  
(Tache etadkont 1099R epi mete pansyon ki taksab yo ak pansyon ki pa taksab yo)
- Veterans Affairs (VA) Pansyon Pou Andikap oswa Avantaj Konpansasyon Pou Andikap  
(Tache etadkont avantaj anyèl)
- United States Postal Service (USPS) Pansyon Pou Andikap oswa Avantaj Konpansasyon Pou Andikap  
(Tache etadkont avantaj anyèl)
- Pwofi sou Kapital  
(Mete pwofi nan Kapital nan menm enstitisyon finansyè a).
- Revni Nan Lwaye  
(Resevwa nan tout pwopriyete)
- Peman Lwaye Resevwa Nan Menm Lokatè
- Èd nan Lwaye (sibvansyon)
- Lajan ou resevwa nan men fanmi an a/oswa zanmi pou lwaye a  
(Tache lèt ki endike nan men moun ou resevwa lajan an ak kantite lajan ou resevwa)
- Peman pou andikap/Konpansasyon Travayè/Avantaj Asirans pou Chomaj  
(Tache lèt rekonpans lan)
- Revni nan Byen Imobilye ak Fideyikomi  
(Tache Fòm Deklarasyon Taks sou Revni nan Byen Imobilye/Fideyikomi)
- Peman Pansyon Alimantè ak/oswa Sipò Timoun ou resevwa  
(Tache lòd tribinal la)
- Lajan Ou Genyen nan Jwèt Aza/Lotri (Tache 1099-MISC)
- Èd Piblik ak/oswa Lòt sous revni  
(Tache prèv la)
- Rekouvreman Dèt

### 15. Ki revni ki eskli m pa gen pou rapòte lè m ap detèmine si mwen kalifye?

- Kado an lajan kach
- Eritaj
- Domaj enterè tribinal akòde ou nan yon pwosè pou domaj pèsònèl
- Peman èd pou enèji
- Ranbousman taks sou revni
- Re-finansman IRA  
(IRA ki refinanse nan lòt kont retrèt)
- Avantaj nan Pwogram Èd Nitrisyon Siplemanè (Supplemental Nutrition Assistance Program, SNAP) ki te rele Pwogram Koupon pou Manje (Food Stamp Program) anvan

### 16. Kisa pou mwen fè si yon moun nan kay la pa t gen revni pou ane anvan an?

Anba la a se yon lis dokiman n ap aksepte si ou rapòte oumenm ak/oswa nenpòt moun lakay ou pa t gen okenn revni pandan ane anvan an:

- ✓ Lèt Verifikasyon ki Montre ou pa t Ranpli IRS OSWA
- ✓ Lèt Verifikasyon elèv anplentan OSWA
- ✓ Yon lèt Administrasyon Sekirite Sosyal bay ki endike ou pa t resevwa avantaj yo pandan ane 2018

### 17. Ki dokiman ki akseptab kòm prèv ki montre mwen m ap resevwa yon andikap federal ki admisib?

- ✓ Si ou t ap resevwa yon avantaj pou andikap yon ti tan anvan ou aplike pou DRIE, nou mande pou ou voye yon kopi lèt rekonpans lan anplis tout lòt dokiman revni moun nan kay la nan ane almannak anvan.
- ✓ Si w ap resevwa SSI, tanpri voye yon lèt repatisyon peman SSO yo pou ane anvan an.
- ✓ Si w ap resevwa SSDI, ou kapab voye yon Fòm SSA-1099 pou ane ou aplike anvan an (egzanp: si ou aplike nan ane 2019, ou dwe soumèt yon Fòm SSA-1099 pou ane 2018).
- ✓ Si w ap resevwa avantaj Pansyon pou Andikap nan USPS oswa avantaj Konpansasyon pou Andikap, tanpri voye yon lèt repatisyon peman yo pou ane anvan an.
- ✓ Si w ap resevwa avantaj Pansyon pou Andikap nan USPS oswa avantaj Konpansasyon pou Andikap, tanpri voye yon lèt repatisyon peman yo pou ane anvan an.
- ✓ Si w ap resevwa Medicaid pou Andikap nan moman an, tanpri voye yon kopi Avi Sekirite Sosyal pou Lèt Rekonpans ou, oswa lòt prèv ki montre ou t ap resevwa avantaj SSI oswa SSDI okòmansman.

### 18. Mwen pran retrèt nèt nan ane anvan a epi revni mwen pa menm ane sa a. Ki enfòmasyon sou revni mwen dwe soumèt?

Ou dwe soumèt revni total ou pou ane anvan an ansanm avèk salè pa èdtan ou, revni retrèt ou, ak yon lèt ansyen patwon ou ba ki endike dat retrèt ou. N ap fè pwojeksyon revni retrèt ou sou 12 mwa.

### 19. Èske apatman mwen an kalifye?

Apatman ou dwe gen Pri Lwaye Estabilize, Pri Lwaye Kontwole, Mitchell-Lama, Dividann Limite, Koperativ Konpayi Finansman Devlopman Lojman (Housing Development Fund Company, HDFC), Koperativ Seksyon 213 oswa Demann Pri Lwaye/ Okipasyon yon Sèl Chanm (Single Room Occupancy, SRO).

### 20. Ki kalite apatman ki pa kalifye?

Si apatman ou pa gen pri lwaye kontwole (pri lwaye mache jis), ou pa kalifye.

Si apatman ou pa yon koperativ ki gen pri lwaye kontwole, ou pa kalifye.

Si w ap resevwa sibvansyon nan Seksyon 8, ou pa kalifye.

Si w ap viv nan yon kay pou 1, 2 oswa 3 fanmi, ou pa kalifye.

Si gen yon sou-kontra lwaye, ou pa kalifye.

Si w ap viv nan yon apatman ki nan devlopman NYCHA, ou pa kalifye.

Si w ap viv deyò Manhattan, the Bronx, Brooklyn, Queens, oswa Staten Island, ou pa kalifye.

### 21. Ki dokiman mwen dwe soumèt pou prè ki endike apatman mwen gen pri lwaye kontwole?

**Pou Pri Lwaye Estabilize:** Ou dwe soumèt dènye kontra lwaye ou (kontra lwaye ki gen non ou ladan nan moman an ou aplike a) ak kontra lwaye anvan an (kontra lwaye ki ekspire anvan dènye kontra lwaye ou te kòmansè). Oumenm ak mèl kay dwe sijèn kontra lwaye yo.

**Pou Lokatè ki Peye Pri Lwaye Kontwole:** Ou dwe soumèt dènye Fòm RN-26 Pri Lwaye Maksimòm pou Peye ak sa anvan an ansanm avèk dènye rapò Mèt Kay la ak sa anvan ak sètifika ajisteman pri gaz ki rele fòm ajisteman pri gaz tou (Fòm RA33.10).

**Pou Lokatè ki nan Otèl ki Gen Pri Lwaye Kontwole/Okipasyon yon Sèl Chanm (Single Room Occupancy, SRO):** Ou dwe soumèt yon lèt ki konsène ogmantasyon pri lwaye a ak yon kopi Lis Pri Lwaye DHCR oswa anrejistreman apatman DHCR.

**Pou Lokatè ki nan Mitchell-Lama, Dividann Limite, Redevlopman, Koperativ Konpayi Finansman Devlopman Lojman (Housing Development Fund Company, HDFC), Koperativ Seksyon 213: Ou dwe soumèt:** Yon dokiman ki gen lis pri lwaye a oswa yon lèt biwo direksyon ou bay ki endike dat dènye ogmantasyon pri lwaye ou, kantite lajan ou te peye pou lwaye a anvan ogmantasyon an, ak kantite lajan ou te peye apre ogmantasyon pri lwaye a; ak yon deklarasyon sou sèman pou revni moun nan kay la, si genyen.

**22. Mwen peye yon kantite lajan lwaye ki pi piti pase pri lwaye legal la (ki rele Pri lwaye preferansyèl) kijan yo kalkile pri lwaye estabilize mwen an?**

Anjeneral, nou estabilize pri lwaye nan kantite lajan pri lwaye legal la. Men, gen kèk eksepsyon nan senaryo sa yo:

- i)** Si kontra lwaye ou a gen yon kondisyon siplemantè ki di byen klè lwaye ki pi ba a pral rete pou tout tan ou rete nan kay la, lwaye ou a estabilize nan montan lwaye preferansyèl avan an oswa 1/3 revni chak mwa ou, sa ki plis la.
- ii)** Si w ap viv nan yon Apatman Kredi nan Taks pou Lojman moun ki pa Touche Ase Revni (Low-Income Housing Tax Credit, LIHTC) epi ou bay yon kondisyon siplemantè LIHTC, lwaye ou ap estabilize nan montan lwaye LIHTC ou avan an oswa 1/3 revni chak mwa ou, sa ki plis la.

**23. Mwen gen depans pou Gwo Amelyorasyon Kapital Enpòtan (Major Capital Improvement, MCI), èske DRIE ap peye pou sa?**

Wi. Si nou te bay lòd pou Gwo Amelyorasyon Kapital Enpòtan (Major Capital Improvement, MCI) nan 90 jou apre dat aplikasyon ou, Finans ap sipòte ogmantasyon an.

*NÒT: Si nou te bay lòd pou Gwo Amelyorasyon Kapital Enpòtan (Major Capital Improvement, MCI) plis pase 90 jou anvan ou te soumèt aplikasyon ou, w ap responsab pou peye ogmantasyon MCI a. N ap ajoute MCI nan kantite lajan pri lwaye estabilize a.*

**24. Kimoun mwen kapab kontakte si mwen gen kesyon konsènan avantaj mwen yo oswa pwosesis aplikasyon an?**

Si ou gen aksè nan yon òdinatè, ou kapab soumèt yon demann sou sitwèb Depatman Finans depi ou ale sou [nyc.gov/contactdrie](http://nyc.gov/contactdrie) pou kesyon ou gen sou DRIE. Ou ka rele 311 tou oswa ou ka vini nan Sant san Randevou nou nan adrès: 66 John Street, 3rd Floor New York, NY, 10038  
Orè Fonksyonman: Lendi-Vandredi, ant 8:30 a.m. ak 4:30 p.m.

Si ou bezwen asistans oswa ou pa ka soumèt aplikasyon an oswa dokimantasyon an paske ou gen yon andikap, tanpri rele 311 epi mande pou Fasilitatè Andikap DOF la. Si ou gen kesyon jeneral konsènan pwogram SCRIE/DRIE nan ak kijan pou ou aplike, tanpri rele 311 oswa voye yon mesaj bay nou nan [nyc.gov/contactscrie](http://nyc.gov/contactscrie) oswa [nyc.gov/contactdrie](http://nyc.gov/contactdrie).

**25. Kimoun mwen kapab kontakte si mwen pa konprann yon desizyon yo te pran konsènan aplikasyon mwen oswa avantaj mwen ?**

Tout moun ki aplike nan Pwogram Estabilizasyon Pri Lwaye epi ki resevwa yon avi ofisyèl pou apwobasyon, refi, oswa anilasyon egzanpsyon gen dwa pou resevwa èd pou rezoud enkyetid yo avèk aplikasyon ak avantaj SCRIBE yo. Medyatè SCRIE/DRIE kapab idantifye ak rezoud pwoblèm yo avèk aplikasyon oswa avantaj ou yo apre ou fè pwosesis aplikasyon an. Pou kontakte yo ou ka ale sou sitwèb DOF la nan [nyc.gov/contactscrieombuds](http://nyc.gov/contactscrieombuds) pou èd ak SCRIE oswa [nyc.gov/contactdrieombuds](http://nyc.gov/contactdrieombuds) pou èd ak DRIE.

**26. Kijan mwen kapab jwenn fòm yo?**

Ou kapab telechaje tout fòm yo depi ou ale sou sitwèb nou nan [nyc.gov/rentfreeze](http://nyc.gov/rentfreeze). Fòm yo disponib nan Sant san Randevou nou. Ou kapab mande pou nou voye yon fòm ba ou pa lapòs tou depi ou rele 311.

**27. Kisa mwen kapab fè si mwen gen pwoblèm konsènan kontra lwaye mwen oswa si mwen gen pwoblèm pou konteste kantite lajan pri lwaye legal mwen?**

Pou rechèch sou pri lwaye, pou rezoud konfli nan pri lwaye, oswa pou depoze yon plent paske mèt kay ou pa t ba ou yon kontra lwaye, lokatè yo kapab kontakte Divizyon Renouvèlman Lojman ak Kominote (Division of Housing and Community Renewal, DHCR). Ou kapab kontakte DHCR:

**Fas-a-Fas:** Gertz Plaza, 92-31 Union Hall Street, Jamaica, New York 11433

**Nan Telefòn:** 718-739-6400

**Nan Imèl:** [RentInfo@nyshcr.org](mailto:RentInfo@nyshcr.org) **Pou Mitchell-Lama sèlman.**

**28. Kisa mwen kapab fè si mwen gen nenpòt kesyon sou kantite lajan pri lwaye a pou apatman mwen?**

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman Mitchell-Lama Minisipalite Vil la Sipòte, tanpri kontakte Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman (Housing Preservation and Development, HPD) Vil New York:

**Nan Telefòn:** 212-863-6500

**Nan Imèl:** [Mitchell-Lama@hpd.nyc.gov](mailto:Mitchell-Lama@hpd.nyc.gov)

Pou jwenn plis enfòmasyon sou devlopman Mitchell-Lama Leta Sipòte, tanpri ale nan Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York.

**Nan Telefòn:** 866-463-7753

**Ale sou sitwèb yo nan:** <http://nyshcr.gov/AboutUs/Offices/HousingOperations/faqs.htm>